

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran saméméhna, ieu panalungtikan téh maluruh ngeunaan struktural jeung naon waé konflik sosial dina buku kumpulan carpon *Moal Dimumurah* karya I. Asikin. Ieu kumpulan carpon lolobana nyaritakeun ngeunaan kahirupan nu kungsi karandapan karandapan. Kahirupan mangsa dijajah jeung pasca kamerdékan karasa teleb ditilik dumasar kana (1) téma, (2) galur, (3) latar, jeung (4) tokoh jeung penokohan. Hampir sakabéh galur nu aya dina ieu carpon nya éta galur méréle numana caritana ngaguluyur ti mimiti caritaan nepi ka pungkas carita. Latar dina ieu kumpulan carpon téh aya tilu nya éta tempat, waktu jeung suasana. Jumlah tokoh anu aya dina ieu kumpulan carpon aya tilu nepi ka salapan.

Konflik sosial nu aya dina ieu carpon dibagi jadi dua nya éta konflik dumasar cirina jeung konflik dumasar wangunna. Konflik sosial dumasar cirina dibagi jadi tujuh nya éta fisik, émosi, kabudayaan, jeung paripolah. Sedengkeun konflik sosiaal dumasar wangunna aya genep nya éta konflik pribadi, konflik kelompok, konflik antar kelas sosial, konflik rasial, konflik politik, jeung konflik budaya.

Konflik sacara umum anu kapaluruh dina ieu kumpulan carpon nya éta ngeunaan konflik-konflik nu kagambar boh konflik jeung diri sorangan boh konflik jeung balaréa. Saperti dina judul carpon *Moal Dimumurah* anu tokoh utamana digambarkeun mibanda konflik pribadi. Salian ti éta, (2) konflik ogé dianalisis dumasar kana wangun di antarana (a) konflik pribadi, (b) konflik kelompok, (c) konflik kelas sosial, (d) konflik ras, (e) konflik politik, jeung (f) konflik budaya.

#### 5.2 Saran

Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan, aya sawatara rékoméndasi pikeun lumangsungna panalungtikan ngeunaan carpon, hususna dina nganalisis struktur jeung konflik sosial. Panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha saran pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna jeung hususna pikeun kamekaran sastra Sunda.

Anu kahiji, dipiharep bisa ngajembaran perkara sumber-sumber paélmuan anu bisa méré mangpaat nu leuwih keur jalma réa. Kadua, ieu panalungtikan téh masih kénéh aya kakuranganana, pikeun panalungtik saterusna dipiharep bisa leuwih deui neuleuman atawa leuwih maham ngeunaan élmu psikologi sastra.